

# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Klas nou an pare pou n kòmanse yon ane enteresan sou *enpak matematik* genyen. Kèk nan sijè nou pral etidye se nonm negatif, ekspozan, jewometri twa dimansyon, rapò, pwobabilite, ak analiz done. Pandan ane a, elèv ou an pral devlope epi li pral rafinen konesans li genyen nan aljèb la.

N ap kòmanse ak ekspresyon aljebrik - konbinezon nonm, lèt, ak senbòl matematik ki fòm lang aljèb la. Nou pral etidye varyab – lèt oubyen senbòl ki ka chanje oubyen ki reprezante kantite enkonni. Pa egzanp, nan ekspresyon sa a,  $b + 2$ , varyab la se  $b$ .

Yon fwa nou fin abitye ak varyab yo epi ak ekspresyon yo, nou pral fè òganigram ki pou koresponn ak ekspresyon yo epi apre sa, nou pral itilize òganigram yo pou nou rezoud ekwasyon. N ap etidye fòmil ki itilize toulejou nan lavi tou, tankou fòmil yo itilize pou konvèti degre Celcius an degre Fahrenheit :  $F = \frac{9}{5}C + 32$ .

**Vokabilè** Pandan tou kou a, nou pral aprann plizyè tèm nouvo :

ekspresyon aljebrik  
metòd mach aryè  
distribitivite  
ekspresyon ekivalan  
devlope

ekspozan  
faktè  
òganigram  
fòmil  
varyab

## Kisa w ka fè lakay ?

Ankouraje elèv ou an eksplike kalite pwoblèm l ap rezoud nan klas la. Lè fini, ede l reflechi sou ensiden komen ki gen rapò ak ekspresyon aljebrik ki rive nan lavi toulejou. Enterè ou montre nan travay elèv ou an mete plis enpòtans sou matematik ak valè matematik genyen nan lavi toulejou.